

Sant Mobil Reyabilitasyon apre Katastwòf Louvri nan Konte Brevard

Release Date: Novanm 8, 2024

TALLAHASSEE, Fla. – FEMA te Ouvri yon Sant Mobil Reyabilitasyon apre Katastwòf nan Konte Brevard pou bay Rezidan Florida yo ki afekte akòz Siklòn Milton nan èd youn pa youn. Sant lan kapab sèvi tou pou sivivan Siklòn Helene oswa Siklòn Debby yo.

Sivivan yo **pa** bezwen vizite yon sant pou yo aplike pou asistans. Nou ankouraje sivivan yo pou yo aplike anliy nan [DisasterAssistance.gov](https://www.disasterassistance.gov) oswa telechaje [FEMA App](https://www.fema.gov/mobile-app) la. FEMA pa distribye lajan kach nan Sant Reyabilitasyon apre Katastwòf yo.

Adrès sant lan:

Brevard County

UF/IFAS Ag Center
3695 Lake Drive
Cocoa, FL 32926

Orè: 8è nan maten jiska 6è nan apre midi soti Lendi pou rive Dimanch

Pou w ka jwenn adrès lòt sant ale sou [fema.gov/drc](https://www.fema.gov/drc) oswa voye tèks “DRC” ak yon Kòd Postal nan 43362. Tout sant yo aksesib pou moun ki gen andikap oswa ki bezwen aksè fonksyonèl epi ekipe ak teknoloji asistans.

Nou ankouraje pwopriyetè kay ak lokatè yo pou yo aplike anliy nan [DisasterAssistance.gov](https://www.disasterassistance.gov) oswa lè yo itilize [FEMA App](https://www.fema.gov/mobile-app). Ou ka aplike tou nan telefòn nan **800-621-3362**. Si w chwazi aplike nan telefòn, tanpri nou swete w konprann tan atant yo ka pi long akòz volim apèl yo ki ogmante apre plizyè katastwòf ki sot pase yo. Liy telefòn yo ouvri chak jou epi gen èd ki disponib nan majorite lang yo. Si w ap itilize yon sèvis relè, telefòn ki gen soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo w pou sèvis sa a. Pou w gen aksè ak yon videyo sou fason pou w aplike pou w jwenn asistans, ale sou [FEMA Accessible: Aplike pou Asistans Endividyèl - YouTube](https://www.fema.gov/mobile-app).



FEMA

Page 1 of 2

Pou w ka jwenn dènye enfòmasyon sou reyabilitasyon apre Siklòn Milton nan, vizite [fema.gov/disaster/4834](https://www.fema.gov/disaster/4834). Pou w ka jwenn enfòmasyon sou reyabilitasyon apre siklòn Helene nan, vizite [fema.gov/disaster/4828](https://www.fema.gov/disaster/4828). Pou w ka jwenn enfòmasyon sou reyabilitasyon apre siklòn Debby a, vizite [fema.gov/disaster/4828](https://www.fema.gov/disaster/4828). Swiv FEMA sou X sou x.com/femaregion4 oswa sou Facebook sou facebook.com/fema.

###

Misyon FEMA se ede moun anvan, pandan epi apre katastwòf yo.

FEMA pran angajman pou l asire l asistans pou katastwòf yo fèt ekitab, san diskriminasyon sou baz ras, koulè po, nasyonalite, sèks, oryantasyon seksyèl, relijyon, laj, andikap, konpetans nan lang Anglè, oswa estati ekonomik. Nenpòt moun ki sivivan nan katastwòf oswa manm piblik la ka kontakte FEMA Biwo Dwa Sivil yo si yo santi yo gen yon plent pou diskriminasyon. Biwo Sivil FEMA a

Ou ka kontakte dwa yo nan FEMA-OCR@fema.dhs.gov oswa gratis nan 833-285-7448.



FEMA

Page 2 of 2